



Gid pratik pou sosyete civil la

AKSYON SOSYETE SIVIL LA AK SISTÈM DWA MOUN NAN NASYON ZINI

KONTNI

1. Sa ki di nan Gid sa a	1
2. Aktè sosyete sivil la ak sijè ki abòde nan sosyete sivil la	3
2.1 Sistèm dwa moun Nasyon Zini an nan yon ti kout je	5
3. Kondisyon pou yon sosyete sivil lib ak endependan	7
3.1 Yon anviwònman politik ak biblik	7
3.2 Yon kad reglementè ankourajan.....	8
3.3 Enfòmasyon yo kapab sikile lib e libè	9
3.4 Yon sipò ak resous kab dire anpil	9
3.5 Pataje yon espas pou dyalòg ak kolaborasyon	9
4. Defi ke aktè sosyete sivil la dwe fè fas.....	14
4.1 Lwa oswa mezi ki chita sou règ ki anpeche aktivite sosyete sivil la	14
4.2 Mezi arbitrè.....	15
4.3 Tizonay, entimidasyon ak reprezay legal siplemantè	16
5. Kisa mwen kapab fè ? Vire al jwenn Nasyon Zini.....	21
6. Resous bibliotèk oswa dokimantè	28
7. Kontakte nou	29



« *Detèminasyon ak entegrite aktè yo nan sosyete sivil la
ki ap travay nan sektè dwa moun banm e petèt ou menm,
tou - yon sajès ak anpil gwo dèt, ak volonte pou m kontinye
travay pou diyite ak dwa egal ego tout moun alawonbadè »*

M. Zeid Ra'ad Al-Hussein,
WO Komisè Nasyon Zini pou Dwa Moun,
Oktob 2014



1. Sa ki di nan Gid sa a

Libète lapawòl, reyinyon pasifik ak asosyasyon epi dwa pou patisipe nan zafè piblik, yo se dwa moun ki pèmèt moun yo pataje lide, batay pou jwenn lòt lide epi jwenn ak lòt moun pou fè reklamasyon dwa yo. Se gras ak egzèsis libète piblik sa yo, ke nou kapab pran bon jan desizyon sou devlopman ekonomik ak sosyal nou. Se nan dwa sa yo ke nou kapab patisipe nan aktivite sivik ak bati sosyete demokratik. Restriksyon yo gen gwo konsekans sou pwogrè kolektif nou.

Dokiman sa a se sisyèm gid pratik Wo komisarya pou dwa moun pou sosyete sivil la, epi li dwe konsidere nan yon kontèks " elajisman domèn demokratik la ", youn nan priyorite tematik Wo komisarya dwa moun pou kounyè a.

Gid la enterese patikilyèman nan keksyon ki gen rapò ak aktivite aktè yo nan sosyete sivil la. Li plis ouvè sou definisyon travay ekspresyon



" sositete sivil la " ak " sijè ki abòde nan sositete sivil la. " Apre sa a, li bay yon rezime sou kondisyon ak yon anviwònman nesesè pou yon sositete sivil lib ak endepandan, ki gen ladan estanda entènasyonal sou zafè dwa moun ki gen rapò ak libète lapawòl, reyinyon pasifik ak asosyasyon epi dwa yo pou patisipe nan zafè publik.

Gid la bay egzanp sou kouman gouvènman ak aktè sositete sivil la te travay ansanm pou yo devlope yon plan dakson nan domèn kote sositete sivil la kapab òganize aktivite'l nan objektif pou fè tout moun jwi piti piti tout dwa moun genyen (sivil, kiltirèl, ekonomik, politik ak sosyal). Baryè ak limit nan aktivite sositete sivil la idantifye, sou fòm tizonay, presyon ak reprezay kont aktè sositete sivil la. Gid la envite sositete sivil la sèvi ak sistèm dwa moun Nasyon Zini an pou ankouraje ak pwoteje sijè ki abòde nan sositete sivil la nan nivo lokal. Detay sou resous ak kontak yo nap jwenn yo nan denye paj Gid la.

Objektif prensipal nan Gid sa a se ede sositete sivil la ki poko abitye ak sistèm dwa moun Nasyon Zini an. Redakson Gid sa a trè rich depi nan kòmansman gras ak sipò ak konsèy ki soti nan divès aktè nan sositete sivil la.



2. Aktè yo nan sosyete sivil la ak sijè ki abòde nan sosyete sivil la



« Si dirjan yo pa koute pèp yo, yap tande yo nan lari, sou plas yo, oswa, jan nou konn abitye wèl la sou chan batay yo. Gen yon fason ki pi bon. plis patisipasyon, plis demokrasi, plis kontak ak ouvèti. Nan yon lòt mo: yon sijè ki abòde pou sosyete sivil la. »

Remak M. Ban Ki-moon, Sekretè Nasyon Zini an pandan yon gwo evènman pou sipòte sosyete sivil la, 23 septanm 2013

Gid sa a prezante aktè yo nan sosyete sivil la kòm moun ak gwoup ki bay tout nanm yo - nan aksyon ak enterè publik oswa pataje valè ki konfòm ak objektif Nasyon Zini yo: mete lapè ak sekirite, siksè nan devlopman, ak pwomosyon epi respè nan dwa moun.

Travay Nasyon Zini ki vize amelyore lavi nou jwenn rasin li nan respè pou dwa moun. Swal klè ou byen l pa klè, nan sa ki di oswa nan aktivite yo, aktè yo nan sosyete sivil la - jan sa defini pi wo a chache ankouraje ak pwoteje dwa moun.

Aktè yo nan sosyete sivil la ankouraje moun yo pran konsyans, ede kominote yo di sa ki pa fè yo plezi, mete estrateji, egzèse enfliyans sou zafè politik ak lalwa, epi l ap travay sou responsabilite¹ yo. Aktè yo nan sosyete sivil la kolekte epi chache opinyon yo nan kominote a pou ke desizyon sou politik publik yo pran nan transparans. Aktè yo nan sosyete sivil la rann sèvis nan diferan domèn ak moun kab viv nan difikilte epi ki vilnerab.



« Tout moun gen dwa, endividye¹man ak nan asosyasyon ak lòt moun, pou ankouraje pwoteksyon ak realizasyon dwa moun ak libète nan nivo nasyonal ak entènasyonal. » (Atik 1, nou kab site.).

Deklarasyon sou dwa ak responsablite moun, gwoup ak ensitisyon nan sosyete a pou ankouraje ak pwoteje dwa moun ak libète ke yo dakò nan mond la (Rezolisyón 53/144 Asanble Jeneral la), ke moun rele Deklarasyon sou defansè dwa moun.

Pou egzanp, sosyete sivil la gen ladann:¹

- ▶ Defansè dwa moun, ki gen ladan defansè sou entènèt;

¹ Travay ak pwogram Nasyo Zini pou dwa moun, yon zouti pou sosyete sivil la HCDH 2008/ p.vii *Travailler avec le programme des Nations Unies pour les droits de l'homme, un Manuel pour la société civile*, HCDH, 2008, p. vii.



- ▶ òganizasyon defans dwa moun yo (ONG), asosyasyon, gwooup viktim yo)
- ▶ alyans ak rezo yo (dwa fanm, dwa timoun, dwa anviwònman, dwa pou gen tè, dwa omoseksyèl (LGBTI), elatriye);
- ▶ moun ki andikape ak asosyasyon yo ki reprezante yo;
- ▶ Gwooup Kominotè (pèp endijèn (peyizan), minorite, kominote riral);
- ▶ Gwooup ki baze sou fwa relijyez yo (legliz, gwooup relijye);
- ▶ federasyon yo (tankou: asosyasyon pwofesyonèl, sendika yo asosyasyon jounalis, bawo avoka yo, asosyasyon jij ' federasyon etidyan yo);
- ▶ mouvman Sosya yol (mouvman lapè, mouvman etidyan, mouvman pou demokrasi);
- ▶ Pwofesyonèl ki kontribye dirèkteman nan fè egzèsis pou dwa moun (travayè imanitè, avoka, doktè epi ak travayè medikal);
- ▶ fanmi yo ak asosyasyon moun ki viktim vyolasyon dwa moun yo; epi
- ▶ enstitisyon piblik ki la pou fè aktivite pwomosyon dwa moun (lekòl, inivèsite, òganizasyon kap fè rechèch)

Aktè yo nan soseyte sivil la ap eseye rezoud problèm yo epi travay sou keksyon ki empotan yo pou soyete a, tankou:

- Batay kont lamizè, koripsyon ak inegalite ekonomik
- Repons nan kriz imanitè yo, ki gen ladan konfli ki gen zam
- Pwomosyon pou gen Leta ki chita sou lalwa
- Pwomosyon nan refòm piblik yo
- Lite pou gen transparans nan bidjè piblik yo
- Pwoteksyon anviwonman an
- Travay pou fè respekte dwa pou devlopman
- Ranfòse otonòmi moun yo ki nan minorite ak lòt gwooup ki an danje yo
- Batay kont tout fòm diskriminasyon
- Sipòte prevansyon kont kriminalite
- Fè pwomosyon sou responsabilite sosyal nan antrepriz yo ak Obligasyon yon genyen pou rann kont
- Batay kont trafik moun
- Otonomi fanm yo
- Batay kont moun ki ap ankouraje moun rayi moun
- Ranfose pouvwa aksyon jenès la



- Pwomosyon pou jistis sosyal ak pwotection konsomatè yo
- Bay sèvis sosyal yo

Aktè yo nan soyete sivil la ap travay nan tout nivo: lokal, nasyonal, reyjonal ak entènasyonal.

Travay soyete sivil la, li alafwa kote ke aktè yo ap travay nan soyete a, anviwònman an ak fason ke soyete sivil la ap travay, ak lyen ki genyen ant aktè yo nan soyete sivil la, leta epi sektè prive a ak piblik la an jeneral.

2.1 Sistèm dwa moun nan Nasyon Zini an nan yon ti kout je

Anplis de jefò ki ap fèt pou mete la pè ak sekirite ak anpil jefò pou kapab gen devlopman toupatou nan mond lan, youn nan twa poto Nasyon Zini yo se pwomosyon ak pwotection dwa tout moun alawonbadè. Prensip sa yo jwenn rasin yo nan Konstitisyon Nasyon Zini an ak nan lalwa entènasyonal sou dwa moun.

Nasyon Zini ap goumen pou pwomosyon ak pwotection dwa moun nan twa fason sa yo:

1. Biwo Nasyon Zini pou Dwa Moun (HCDH) se òganizasyon ki nan tèt nan Nasyon Zini pou sa ki gen rapò ak pwomosyon ak pwotection dwa moun. Li travay ansanm ak ajans espesyalize yo, fon ak pwogram Nasyon Zini (egzanp, Òganizasyon Mondyal Lasante, Ajans Nasyon Zini pou Refijye yo, UNICEF, Òganizasyon Entènasyonal pou travay, UNESCO, elatriye) pou yo kapak ranfòse enpak aktivite yon nan sektè dwa moun.
2. Trete entènasyonal yo sou zafè dwa moun (pak ak konvansyon) kreye gwooup ekspè endepandan oswa kò konvansyonèl yo, nan bi pou egzaminen regilyèman epi detanzantan aplikasyon yo pa peyi yo nan obligasyon yo genyen sou zafè dwa moun.
3. konpoze ak eta manm Nasyon Zini yo, ajans entègouvènmantal oswa asanble yo kreye pou diskite sou pwoblèm ak sitiyasyon dwa moun. Ògan prensipal Entègouvènmantal ki kreye pou sa se Konsèy Dwa Moun nan ki sipòte yo nan travay yo, pa ekspè endepandan, pwosedi espesyal yo epi yon mekanis, ki rele egzamen peryodik inivèsel

Twa eleman sa yo endepandan men youn konplemanté lòt.

Nap jwenn enfòmasyon detaye sou manda yo ak mekanism yo nan Travay nan pwogram Nasyon Zini pou dwa moun, yon manyèl pou



sosyete sivil (gade nan seksyon 6. Resous). Manyèl la ki disponib nan sis lang ofisyèl Nasyon Zini yo ak nan CD Rom DAISY (Digital aksè pou Sistèm Enfòmasyon), nan franse ak angle pou moun ki gen andikap vizyèl.

Travay fòmil Nasyon Zini yo sou dwa moun baze sou patisipasyon aktè sosyete sivil yo. Nan nivo entènasyonal la, sosyete sivil kontribye an tèm de ekspètiz, defans, siveyans ak rapò sou pwoblèm vyolasyon dwa moun. Aktè yo nan sosyete sivil la kontribye nan devlope nouvo fomil, nòm ak enstitisyon sou dwa moun, ak mobilize resous yo ak sipò piblik pou pwoblèm yo ki nan dwa moun.



Aksyon sosyete sivil la ak sistem dwa moun Nasyon Zini an

Inisyativ Konsèy dwa moun nan Nasyon Zini pou sosyete sivil la Konsèy dwa moun Nasyon Zini an te adopte plizyè rezolisyon ki gen enpòtans patikilye pou sosyete sivil la, tankou libète lapawòl, reyinyon pasifik ak asosyasyon, entimidasyon ak reprezay, ak defansè dwa moun yo. Nan lane 2013 pour rive 2014, li te adopte rezolisyon 27/31 ak 24/21 yo sou aksyon oswa travay sosyete sivil la, ki pran nòt sou " enpòtans total kapital nan patisipasyon sosyete sivil la, nan tout nivo, nan pwosesis gouvènans ak nan fè pwomotyon pou bon jan gouvernans, ki gen ladan transparans ak responsabilite nan tout nivo, ki endispansab pou batî sosyete ki gen lapè pwosperite ak demokrasi. "



3. Kondisyon yo pou yon sosyete sivil lib ak endepandan



« Yon sosyete sivil lib ak endepandan se fondasyon yon bon gouvènans ki kapab bay repons nan nivo lokal, nasyonal ak mondyal. »

M. Ban Ki-moon, Sekretè Jeneral Nasyon Zini,
Mesaj videoye kite prezante nan venn-senkyèm sesyon
Konsèy sou dwa moun nan, mwa mas 2014

Obligasyon entènasyonal legal yo pouse Leta yo pou yo kreye kondisyon ekonomik, politik, sosyal, kiltirèl, legal - ki sipòte aktivman konpetans ak kapasite ke moun yo genyen, endividyeòlman oswa nan asosyasyon ak lòt moun, pou envesti nan aktivite sivik.

Prensip dwa moun yo ki gouvène relasyon ki genyen ant otorite piblik yo ak aktè yo nan sosyete sivil la, se:

- ▶ **Patisipasyon** – Wòl soseyte sivil la rekonèt epi aktè yo lib pou yo aji pou kont yo ak defann pozisyon ki differan ak pozisyon otorite piblik yo.
- ▶ **Non-diskriminasyon** - Tout aktè yo nan sosyete sivil la dwe gen mwayen pou yo patisipe nan lavi piblik san okenn fòm diskriminasyon.
- ▶ **Diyite** - Otorite piblik ak aktè yo nan sosyete sivil la pataje menm objektif pou amelyore lavi moun pandan yo chak jwe wòl pa yo. Nan etabli relasyon, respè youn pou lòt se yon eleman fondamantal.
- ▶ **Transparans ak responsabilite** – Aji nan enterè piblik la mande pou ofisyèl oswa fonksyonè yo ouvè, responsab, klè, transparan epi yo dwe bay rapò sou travay yo. Sa mande tou pou aktè yo nan sosyete sivil la transparan. Yo dwe an mezi pou yo bay rapò sou sa yap fè youn vizavi lòt, ni pou piblik lan tou.

Kondisyon prensipal ki apiye bon pratik yo se:²

3.1 Yon anviwonman politik ak piblik enteresan - Yon anviwonman politik ak piblik ki apresye epi ankouraje yon angajman sivik. An jeneral, ensititisyon ak ajan piblik yo reponn aktè yo nan sosyete sivil la nan kad pale youn ak lòt tout tan.

² Rapport de la Rapporteur spéciale sur la situation des défenseurs des droits de l'homme, Les éléments d'un climat sûr et porteur pour les défenseurs, A/HRC/25/55.



Tinizi - Soryete sivil la te jwe yon wòl fondamantal nan konstriksyon nouvo Tinizi an, nan patisipe nan pran lwa tou nèf ak règleman, ki esansyèl pou dwa moun ak demokrasi. Òganizasyon yo nan soryete sivil la te konsilte sou premye inisyativ yo pandan tranzisyon demokratik la, nan piblikasyon dekrè lwa sou amnistii jeneral pou prizonye politik yo, epi lwa ki pèmèt yo dakò avek 4 trete oswa konvansyon entènasyonal (Konvansyon entènasyonal la pou pwoteksyon tout moun kont disparisyon fose, Pwotokòl fakilitatif ki gen rapò ak Konvansyon entènasyonal sou dwa sivil ak politik yo, Pwotokòl fakilitatif ki gen rapò ak Konvansyon kont Tòti ak lòt pèn oswa tretman kriyèl, inimen ak degradan, epi Lalwa Wòm sou Tribunal Penal Entènasyonal). Òganizasyon yo nan soryete sivil la te patisipe nan kreyasyon enstitisyon demokratik ki te pibliye yon nouvo kòd electoral, epi pran yon lwa tou nèf sou libète asosyasyon, ki gen ladan I yon dispozisyon ki pouse Leta finanse òganizasyon non-gouvènmantal yo. Li pale tou sou finansman ki soti nan peyi etranje. Plizyè milye asosyasyon te kreye nan Tinizi depi yo te fin pran lwa a, nan mwa septanm nan 2011. Wòl ke soryete sivil la te jwe nan elekson 2011 yo, premye elekson demokratik ak transparan nan Tinizi, te fondamantal. Pou pwemye fwa, plis pase 10 000 aktivis nan soryete sivil la te mobilize yo pou obsèvè elekson Asanble konstitiyan, avèk asistans kominate entènasyonal la. Soryete Sivil la, patikilyeman òganizasyon fanm, yo, te plede pou yo te mete nan nouvo pwojè Konstitisyon an, fanm egal ego ak gason., Konstitisyon an te pase san pwoblèm ak yon vòt lajman laj, nan mwa janvye 2014.

Rezime panèl diskisyon an nan Konsèy Dwa Moun sou enpòtans ki genyen nan pwomosyon ak pwoteksyon aksyon soryete sivil la, A / HRC / 27/33.

3.2 Yon sistèm ankourajon - Lejislasyon an, prensip administratif ak pratik yo konfòm ak estanda entènasyonal epi yo pwoteje aktivite nan soryete sivil la. Aksè aktè yo nan soryete sivil la nan lajistis, nan enstitisyon nasyonal endepandan ak efikas kap defann dwa moun, aksè nan mekanis entènasyonal sou zafè dwa moun yo fè pati entegral nan regilasyon sa a. Fè bonjan lwa ak bon règleman li sètènman fondamantal, men yo pap rete efikas si yo pa egzekite yo nan bon jan mannyè.



Nan peyi Sloveni, Dwa pou libète asosyasyon proteje tout asosyasyon menm sa ki poko anrejistre yo, epi li prevwa ke manm asosyasyon yo ki pa anrejistre dwe lib pou menen tout aktivite yo, epi yo dwe gen dwa pou yo organize reyinyon pasifik epi patisipe ladan yo tou.

Rapò Rapòtè espesyal sou zafè dwa sou reyinyon pasifik ak libète asosyassyon, A/HRC/20/27.

Nan Peyi Liban ak Maroc, lejislasyon an pa mande pou asosyasyon jwenn pèmisyon nan men otorite yo pou yo kapab resevwa lajan nan peyi yo oswa nan peyi letranje.

Rapò Rapòtè espesyal sou zafe dwa sou reyinyon pasifik ak libète asosyassyon, A/HRC/20/27.

3.3 Sikilasyon enfòmasyon lib e libè - Libète pou bay opinyon, enfòmasyon, rapò, inisyativ, ak desizyon kap pèmèt CSAs yo okouran epi enfòme sou pwoblèm yo, enkyetid, angajeman konstruktif, ak kontribye nan solisyon yo.

3.4 Sipò ak resous kab dire anpil - Mezi yo pran pou ranfòse kapasite mamb ki deyò nan sosyete a, epi pou asire aksè pou tout aktè yo nan sosyete sivil la nan resous yo, plas pou reyinyon yo ak teknoloji.



Nan peyi Croatie, Gouvènman an te adopte yon Kòd pou bon kondwit, estanda ak kritè pou bay sibvansyon pou pwogram ak pwojè sou asosyasyon yo (2007), ki defini règ ak pwosedи debaz yo, transparan, nan atansyon otorite publik yo, nan tout nivo, ki la pou bay sibvansyon publik yo.

European Center for Not-for-Profit Law (ECNL), Public Funding for Civil Society Organizations: Good Practices in the European Union and Western Balkans [Subventions publiques accordées aux organisations de la société civile - Bonnes pratiques au sein de l'Union européenne et dans les Balkans de l'Ouest], 2011.

3.5 Pataj nan espas yo pou dyalòg ak kolaborasyon - Asire ke sosyete sivil la te gen yon plas nan tout pwosesis desizyon yo.



Nan peyi **Maldives**, nan 2014, gouvènman an sipòte yon fowòm senk jou nan kad moun kap defann dwa fanm kote ke yo te pataje ak analize eksperyans reijonal ki vize akonplisman egalite ant sèks kòm yon pati nan fwa Islamik, ansanm ak ONG reijonal ak òganizasyon entènasyonal.

Nan peyi **Mexique**, lwa 2012 lan sou pwoteksyon defansè dwa moun yo ak jounalis yo prevwa yon sistèm nasyonal kapab ede yo kontrekare menas ki genyen kont defansè dwa moun yo ak jounalis yo. Lwa sa te fet ak patisipasyon aktè nan sosyete sivil la, ak nan kongrè a, kite sipòte pa ONG ak òganizasyon entènasyonal, ak pa OHCHR nan Meksik.

Nan peyi **Népal**, nan 2010, lwa ki gen rapò ak diskriminasyon ki baze sou kas ak vijinite te devlope avèk patisipasyon sosyete sivil la, ak Komisyon Nasyonal Dali ak biwo peyi OHCHR. Lwa sa te adopte nan mwa me 2011.

Nan peyi **Nouvelle Zélande**, nan 2011, lwa sou andikap 2011 lan te devlope avek patisipasyon asosyasyon andicape yo.

Rapò rapòtè espesyal lan sou dwa reyinyon pasifik ak libète asosyassyon, A/HRC/20/27.

Nan peyi **Vanuatu**, nan 2013, gouvénman an te kreye yon komite ki responsab egzamen peryodik inivèsèl la, kote pòs vis presidans lan te asire ak Asosyasyon ONG yo lan peyi Vanuatu. Anplis de sa, sosyete sivil la reprezante lan sen Komisyon nasyonal dwa moun (NHRC), yon kò ki responsab pou kowòdone obligasyon Vanuatou a pou rapò sou dwa moun ak kreyasyon nan enstitisyon nasyonal pou dwa moun. Nan 2013, òganizasyon ki ap travay ak moun ki gen andikap yo te lajman konsilte nan prepare rapò pou yo soumèt bay Komite Dwa moun ki andikape yo.

Estanda legal entènasyonal ki gen rapò ak aktivite yo nan sosyete sivil

Yon anviwonman ki an sekirite ap posib nan aktivite sosyete sivil dwe sipòte pa yon kad legal nasyonal, jwenn rasin li nan lwa entènasyonal dwa moun.

Libète lapawòl, asanble pasifik ak asosyasyon ak dwa pou yo patisipe nan zafè publik, yo se dwa ki pèmèt moun yo mobilize pou refòm pozitif. Chak nan nou, endividyeòlman oswa nan asosyasyon ak lòt moun, ta dwe jwi dwa sa yo. Yo nan fè aktivite sivik.

Pifò nan pi gwo enstriman entènasyonal yo sou dwa moun gen ladan yo pwovizyon ki dirèkteman konsène pwoteksyon libète sivil la, ak tout fè pati prensip non-diskriminasyon:

- ▶ Deklarasyon inivèsel dwa moun (atk 19, 20, 21);



- ▶ Konvansyon Entènasyonal Dwa Sivil ak Politik bay pou dwa libète opinyon, libète lapawòl, asanble pasifik ak asosyasyon pou patisipasyon yo nan lavi piblik (Atik 19, 21, 22, 25);
- ▶ Konvansyon Entènasyonal dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl bay dwa pou yo fòme yon sendika ak patisipe nan vi kiltirèl (atik 8, 15);
- ▶ Konvansyon sou eliminasyon tout fòm diskriminasyon sou fanm, bay fanm yo dwa pou yo patisipe nan vi politik, ekonomik ak kiltirèl (atik 3);
- ▶ Konvansyon Entènasyonal sou Eliminasyon Diskriminasyon rasyal entèdi diskriminasyon ak garanti dwa lapawòl, asanble pasifik ak asosyasyon osi byen ak direksyon nan zafè piblik (Atik 5);
- ▶ Konvansyon sou dwa timoun prevwa libète lapawòl, asansble ak reyinyon pasifik (atik 13, 15);
- ▶ Konvansyon sou dwa moun andikape yo garanti dwa sou libète lapawòl ak opinyon, aksè pou jwen enfomasyon, ak patisipasyon nan vi politik ak piblik, ak vi kiltirèl tou (atik 21, 29, 30);
- ▶ Konvansyon Entènasyonal pou pwoteksyon tout moun kont Disparisyon fòse bay dwa pou yo fòme òganizasyon ak asosyasyon ki gen pou objektif kontribiye nan etablisman nan sikonstans disparisyon fòse yo se moun ki disparèt yo ak asistans viktim disparisyon fòse yo, pou yo patisipe libreman nan òganizasyon sa yo oswa asosyasyon (Atik 24): ak
- ▶ Konvansyon Entènasyonal sou pwoteksyon dwa tout Travayè Migran ak manm nan fanmi yo bay yo dwa pou yo reyini ansanm (Atik 26)

Libète lapawòl, reyinyon pasifik ak asosyasyon ak dwa pou yo patisipe nan zafè piblik nan sèvi kòm yon egzesis pou ampil lot dwa sivil, kiltirèl, ekonomik, politik ak sosyal. Yo pèmèt fanm, gason ak timoun yo envesti nan aktivite ki gen bi pou ankouraje yon transfòmasyon pozitif nan sosyete a.

Libète lapawòl. Libète lapawòl gen ladan dwa pou chache, resevwa epi bay enfòmasyon ak tout kalite lide. Li kouvri enfòmasyon ak lide devlope nan diskou politik oswa relije, afè piblik, dwa moun ak ekspresyon kiltirèl ak atistik. Li kouvri tou, lide yo ka konsidere kòm deranjan epi yo kapab bloke yo (kòm egzamp: Plan aksyon nan vil Rabat sou entèdiksyon lapawòl, rayisman pou rezon sosyal, relijon, 5 Oktòb, 2012). Tout fòm ekspresyon ak mwayen pou yo distribiye epi pwoteje: langaj pale, ekri ak siy, osi byen ke fòm ki pa vèbal nan ekspresyon, ki gen ladan imaj, ak travay atistik. Opinyon yo kapab eksprime nan liv, jounal, bwochi, postè,



ti komik, banyèr, fason abiye oswa obsèvasyon legal. Libète sa a nan tout fòm ekspresyon sou radio, nan televisyon ak elektwonik, osi byen ke mòd ekspresyon sou entènèt la.

Libète poun reyini ansanm. " Asosyasyon " vle di nenpòt gwoup moun oswa nenpòt ki enstitisyon legal ki etabli yo pou pale, ankouraje, pouswiv ak defann ansanm enterè kominn. Pou egzanp, libète nan asosyasyon ka pran fòm nan rapòte ak patisipasyon - oswa ki pap-patisipe - nan òganizasyon nan sosyete sivil, klib, kowoperativ, ONG yo, asosyasyon relije, pati politik, travay, fondasyon oswa asosyasyon menm sou entènèt. " Pou egziste ak fonksyone jan sa dwe, nenpòt asosyasyon, kit li piti, dwe kapab mande, resevwa epi itilize resous. Libète nan asosyasyon an gen ladan [...] kapasite [...] pou mande ak resevwa sous nasyonal, etranje ak entènasyonal, epi sèvi ak mwayen imen, materyèl ak finansye " (A/HRC/23/39, par. 8).

Libète reyinyon pasifik. Yon reyinyon se yon gwoupman pou yon ti tan, ki pa vyolan nan yon kote ki publik oswa prive ak rezon espesyal. Manifestasyon, grèv, rasanbleman ak okipasyon senbolik tonbe nan kategori sa a.

Dwa poun kab patisipe nan zafè pubblik. Jesyon zafè pubblik se yon gwo koze ki gen rapò lan egzèsis nan pouvwa politik yo, an patikilye lan egzèsis pouvwa lejislatif, egzekitif ak pouvwa administratif. Lwa sa a kouvri tout bagay nan administrasyon pubblik ak fòmilasyon ak aplikasyon politik entènasyonal, nasyonal, reyjonal ak lokal yo. Patisipasyon an dwe fèt dirèkteman oswa atravè seleksyon reprezentan ki libreman chwazi, pandan yap apwouye oswa amande konstitisyon an, nan preparasyon pwojè lwa yo ak devlopman politik yo, pandan n ap deside pwoblèm pubblik atravè yon referandòm, nan patisipe nan asanble popilè ki gen pouvwa pou pran desizyon sou pwoblèm lokal yo. Dwa libète poun asanble a, ki gen ladan dwa pou nou fòme òganizasyon ak asosyasyon okipel de lavi pubblik ak politik ak pou yo kab rantre ladann, se yon eleman esansyèl nan dwa pou patisipe nan zafè pubblik.

Non-diskriminasyon. Ansanm tout dwa sa yo nou sot site la yo yo bay ak tout moun kèlkeswa ras yo, koulè, sèks, lang, relije, opinyon politik yo oswa lòt, idantite seksyèl, oriijn nasyonal ou sosyal, pwopriyete, nesans oswa lòt estati. Dwa sa aplike pou fanm, timoun, pèp endijèn, moun ki gen andikap, moun ki nan gwoup minorite oubyen gwoup a risk pou yo mete yo sou kote ki gen ladan I moun ki viktim diskriminasyon akoz chwa seksyèl yo, ki pa sitwayen, ki gen ladanl moun ki pa gen peyi, refijye oswa migran ansanm ak asosyasyon ki gen ladan I gwoup ki pa anrejjistre.



Estanda entènasyonal sa yo aplike nan tout branch Leta -egzekitif, lejislatif ak jidisyè – ak tout lot otorite piblik oswa gouvènmantal, nan nivo nasyonal, rejyondal oswa lokal yo. Leta a dwe oblige pwoteje moun kont zak ki komèt, pa moun oswa antite prive ki kapab afekte plezi libète yo. Leta yo gen pou responsablite pou ankouraje ak pwoteje egzèsis dwa sa yo.

Libète lapawòl, reyinyon pasifik ak asosyasyon gen ladann devwa espesyal ak responsablite espesyal, egzèsis yo kapab limite. Nenpòt restriksyon dwe fikse pa lalwa epi yo dwe estrikteman nesesè pou fe respekte dwa oswa repitasyon lòt moun, oswa pou pwoteksyon sekirite nasyonal ak lòd piblik, sante oswa moral. Rezon sa yo dwe invoke jis pou jistifye yon pledwaye enfavè yon demokrasi miltipati, valè demokratik ak dwa moun.

Komite dwa moun, Obzevasion jeneral n° 34 sou atik 1 9: Libète lapwaol ak opinyon, CCPR/C/GC/34; ak Obzevasion jeneral n° 25 sou atik 25: Dwa pou patisipe lan zafe piblik, CCPR/C/21 /Rev. 1 /Add.7. Rapo moun spesyal Nasyon Zini a sou libète reyinyon pasifik ak asosyasyon, A/HRC/20/27; ak A/HRC/23/39.



« Okenn nan nou pa kab fè pou kont nou, ki gen ladan gouvènman yo, tout bagay, pi bon lide yo, oswa konnen tout rezon pwoblèm yo ke nou yo ap eseye rezoud. Nou kapab sèlman benefisyé de sajès tout moun. Se poutèt sa li enpòtan pou nou tande tout moun ki enterese, ki gen ladan moun yo mete deyò yo anvan nou pran yon desizyon. Pou egzanp, Komite Dwa Moun kolekte enfòmasyon ki soti nan yon pakèt sous: gouvènman, Nasyon Zini an ak sosyete sivil la. Sa pèmèt nou anrichi obsèvasyon final yo ak rekòmandasyon, ki make etap pratik yo ke gouvènman an dwe lite poul kab fe lwa yo ak pratik yo plis nan liy ak obligasyon yo anba trete yo sou dwa moun ke yo te ratife. »

Profesè Sir Nigel Rodley, Prezidan,
Komite dwa moun Nasyon Zini, Oktòb 2014




4. Defi aktè sosyete sivil yo dwe fè fas

Kit nan nivo lokal, nasyonal, reijonal oswa mondal, aktè yo nan sosyete sivil ka fè fas a pwoblèm ki kab anpeche yo, minimize, sispann oswa jwen ampi difikilte l nan aktivite lejitim yo paske yo kritike pozisyon, politik yo oswa aksyon gouvènman oswa paske yo opoze ak sa

Baryè sa yo ka gen ladan baryè nan libète ak endependans yo, oswa asèlman, entimidasyon ak reprezay (ki vle di, pinisyon oswa sanksyon) ki dirije kont sosyete sivil la.

Fason pou anpeche, minimize, sispann ou ranvese fòs aktivite sosyete sivil yo



4.1 Lwa oswa mezi ki base sou règ ki anpeche aktivite sosyete sivil la

Lwa ak règleman gen dwa limite libète ak endependans Aktè yo nan sosyete sivil la, pou egzanp,

- ▶ Egzije yon enskripsyon ki pa gen okenn avantaj ladann (pou egzanp, benefis taksi)
- ▶ Ki limite kalite aktivite ki ka fèt



- ▶ Pini aktivite kriminèl yo ki pa anrejistre,
- ▶ Mete baryè sou antre nan kèk asosyasyon, ki gen ladan ONG entènasyonal, oswa asosyasyon pou jwenn lajan nan èd ki soti lòt bò dlo, oswa gwooup ki ap travay sou dwa moun,
- ▶ defini kouman rapò ak moun oswa gwooup moun ki ap fè aktivite oswa limite aktivite sa yo,
- ▶ Limite mwayen pou yo jwenn lajan (ki vle di, lajan ki soti lòt bò dlo), ak
- ▶ Se pou yo pran bon jan lwa pou moun ka pale lib e libè, reyinyon ak asosyasyon ki gen bagay ki pa kòrèk oswa si li fè kèk gwooup mal.

Anplis, fason pou pou biwo a mache ak mezi yo pran yo dekorajé aktè yo nan sosyete sivil la pou fè aktivite yo oswa ralanti yo.

Lè dwa sou enfòmasyon yo gen baryè, aktè sosyete sivil yo gen mwens mwayen pou yo pale nan koze politik yo. Kondisyon pou patisipasyon yo tro di oswa pa fasil (tankou, " moun ki poko mamb yo " mete tèt ak aktè sosyete sivil yo oswa manke ba yo lapawòl) lè pou pran desizyon yo epi baryè nan patisipasyon. Bagay ki ka fèt yo ki gen rapò ak libète nan asosyasyon yo nan nivo entènasyonal dwe fèt menm jan nan nivo nasyonal ak lokal.³

4.2 Mezi abitré

Lè sosyete sivil la pa dakò ak kèk bagay, kèk règleman ak kèk aksyon gouvènman an, anpil bagay ki di jan sa dwe fèt nan lwa yo ka fèt mal sou pretèks legalite oswa lejitimite (tankou, batay kont blanchi lajan, moun kap touye moun, moralite piblik, pale moun mal, pwoteksyon nan souverènète nasyonal) ap mennen nan:

- ▶ Menas, oswa pa ba yo papye legal pou biwo a fonksyoné
- ▶ Fòse fèmen biwo,
- ▶ Operasyon rechèch ak sezi,
- ▶ Amand ki chè pou peye,
- ▶ Pouswit san rezon,
- ▶ Arrestasyon ak kenbe nan prizon san respekté la lwa,

³ Rapò Rapòtè Espesyal Nasyon Zini sou dwa ak libète fè reyinyon ak asosyasyon sou fè egzésis fè reyinyon ak asosyasyon nan yon kontèks miltilateral ak enstitisyon, A / 69/365.



- ▶ Entèdiksyon pou vwayaje,
- ▶ Anpèchman nasyonalite, ak kèk
- ▶ Restriksyon oswa anilasyon abitò ki gen rapò ak manifetasyon oswa rasanbleman.



Rezolisyón 24/21 nan konsèy dwa moun Nasyon Zini yo sou kreasyon ak mentyen, nan dwa ak Pratik, yon environman favorab ke moun ka fè konfyans ki souliye nan kèk ka, kèk dispozisyon lejislatif e administratif nasyonal tap eseye kraze aktivite sosyete sivil la oswa menase sekirite li nan yon manyè kontrè ak dwa intènasyonal, oswa itilize yo nan sans sa a.

4.3 Presyon, entimidasyon ak reprezay extra-juridik

Anplis restriksyon legal ki enpoze ak lwa ki aplike nan yon fason abitò, ki ka limite aksyon sosyete sivil la, anpil menas ak lòt fòm presyon sikolojik ou agresyon fizik ki sible aktè sosyete sivil yo sou manm fanmi yo ka anpeche yo fè travay libreman.

Men kèk egzanp:

- ▶ Menas nan mesaj telefòn,
- ▶ Siveyans,
- ▶ Baton ou byen kadejak,
- ▶ Kraze byen yo,
- ▶ Anpèchman pou yo jwenn travay oswa pèdi kòb,
- ▶ Kanpay pale mal ki montre ke aktè sosyete sivil yo se enmi leta, trèt, oswa travay nan enterè etranje,
- ▶ Anfouraye
- ▶ Aksyon anlèvman, ak
- ▶ Touye.



« Moun yo ak group sosyete sivil yo mete la vi yo an danje anpil fwa pou yo chanje lavi lòt moun. Yo pale tout bagay pandan yo konnen ke sa ka gen gwo konsekans sou yo ki ka fè yo fè silans nèt ale. Yo pale sou problèm ke lòt moun pa konnen oswa ke yo pa menm konnen. Yo proteje dwa nou. Yo merite dwa yo. »

Remak M. Ban Ki-moon, Sekretè jeneral Nasyon Zini an,
pandan yon gwo aktivite sou sipò pou sosyete sivil la,
23 septanm 2013



« Tizonay, fè moun pè ak vanjans anpeche defansè dwa moun yo oswa temwen yo pou yo pa di sa yo santi ak pou yo pa travay ak Nasyon Zini oswa lòt aktè entènasyonal yo. Konsa tou aksyon sa yo ap simen laperèz nan mitan popilasyon an epi kreye yon klima ki ap fè moun mal, pandan yap redwi dwa pou moun pale yo, reyinyon san vyolans ak asosyasyon, se baz yon sosyete demokratik. »

Anbasadris Laura Dupuy Lasserre,
Reprezantan pèmanant peyi Uruguay an rapo ak biwo Nasyon Zini a Geneve, e li se egalman prezidant konsèy dwa moun (2011-2012).

Fanm kap defann dwa moun

Fanm kap defann dwa moun yo ap sibi menm risk sa yo menm jan ak gason yo nan òganizasyon yo, men kòm yo se fanm, yo sibi plis menas ak vyolans seksyèl oswa yo ka sibi tou. Gen moun ki souvan panse ke aktivite fanm kap defann dwa moun yo gen pou objektif pa respekte prinsip la fanmi, ak wòl fanm ak gason gen nan sosyete a, bagay ki ka mennen konfli nan mitan popilasyon an e menm nan mitan otorite yo. Yo toujou mal wè Fanm kap defann dwa moun nan sosyete a e yo toujou vle mete tach sou yo. Dirijan kominote yo, group legliz yo, fanmi yo, ak kominote yo ki konsidere ke aktivite fanm yo menase reliyion, lonè ak kilti.

Nan sans sa a, aktivite fanm yo oswa objektif ke yap chache jwenn nan (Tankou, realizasyon dwa fanm yo oswa tout dwa ke yon fanm ka fè sa li vle ak kò li) transfòme egalman fanm sa yo kòm sib agresyon. Fanmi yo tou sibi menas ak vyolans kap chache izole fanm kap defann defann dwa moun yo e kap dekouraje yo kontinye aktivite yo.

Fanm kap defann dwa moun yo plis ka sibi kèk fòm vyolans tankou mete yo sou kote ak diskriminasyon pa rapò ak lòt gason yo nan òganizasyon an. Pwooblèm sa yo dwe ede pou nou ranfòse moyen proteksyon ak lòt repons ki gen pou pote nan nivo local ak entènasyonal, ak pwoblèm sa yo. Presyon sa yo, menas sa yo, vyolans sa yo, ak lòt abi ki ap fèt kont fanm kap defann dwa moun yo pa moun ki nan leta yo, kèk ankèt dwe fèt nan yon ti tan ki pa two lwen.

Nan lane 2013 la, Asanble jeneral Nasyon Zini an adopte premye rezolisyon, ki se rezolisyon 68/181, sou fanm kap defann dwa moun yo, ki te konn pale de pwoblèm yo fas ak tout diskriminasyon ak vyolans ke fanm tout laj kap defann dwa moun yo ap rankontre, e te konn pale ak moun ki nan leta poul pran tout mezi nesesè poul proteje e poul pèmèt ke tout fanm ak gason gen menm dwa epi poul kreye bon jan kondisyon pou defans dwa moun.



Nan peyi kot Divwa, lwa sou pwomosyon ak proteksyon defansè dwa moun yo ki te adopte nan ane 2014 gen ladann anpil dwa ke yo konnen nan deklarasyon sou defansè dwa moun yo, espesyalman dwa lapawòl, dwa pou fòme asosyasyon ak òganizasyon ki pa nan leta, dwa pou jwi richès peyi a dwa pou bay enfòmasyon ak biwo entènasyonal yo, epi dwa pou moun gen pwoteksyon kont vanjans. Lwa a gen ladann tou poul pwoteje defansè dwa moun yo, fanmi yo, kont tout atak, epi pou ankete sou atak yo e pou kondane yo. Lwa sa a aji espesyalman ak menas ke famn kap defann dwa moun yo ka sibi e tou dwa pou yo jwenn pwoteksyon. Lwa sa a ki te rekonèt nan peyi kot divwa, tout òganizasyon sosyete sivil la, espesyalman kowalisyon ivvaryèn defansè dwa moun e pa rezo lwès afriken defansè dwa moun yo dakò ak li.

Fè moun pè ak vanjans kont tout moun ak goup paske yap kolabore ak Nasyon Zini



« Sosyete sivil la jwe yon wòl poto mitan nan pwogrè ki realize pa Nasyon Zini nan tout domèn, pa sèlman nan domèn dwa moun, men tou nan lapè ak sekirite ak developman. Sosyete sivil la pat janm te plis enpòtan ou plis nesesè. Vanjans ak fè moun pè yo ki kon fèt kont moun kap kolabore ak Nasyon Zini yo pa yon bon bagay – pa sèlman paske yap ede nou fè travay ki di nan lwa a e nan deklarasyon inivèsèl dwa moun nan – men egalman paske aksyon sa yo fèt pou dekouraje lòt moun travay ak nou. Nou dwe pran mezi nan tout nivo pou ranfòse vwa yo nan demokrasi. »

Pawòl M. Ban Ki-moon, Sekretè jeneral Nasyon Zini an,
pandan yon gwo evènman sou sipò pou sosyete sivil la,
23 septanm 2013



« Nasyon Zini patap ka realize gwo travay sa yo pou dwa moun san moun sa yo ki kopere ak nou yo. Lè yo sibi presyon ak vanjans, se moun sa yo ki viktim, men sekirite anpil nan nou afekte tou. Lè moun sa yo pa ka kolabore, travay nou nan domèn dwa moun pa ka fèt. »

Deklarasyon M. Ban Ki-moon, Sekretè jeneral Nasyon Zini,
pandan yon gwo deba sou reprezay,
New York, 2011



Fè presyon ak vanjans ki fèt kont moun ou group kap kolabore avèk Nasyon Zini nan domèn dwa moun yo fè nou mal anpil. Tout moun konn sa, moun ak group sa yo nan nesesite e gen dwa pou yo patisipe nan travay sistèm dwa moun Nasyon Zini an aksyon kontinye fèt.

Akòz de sipò ke yo pote nan pran bon jan desizon oswa responsabilite Nasyon Zini yo (tankou deklarasyon, reflechi sou pwoblèm yo, chita pale, etc...), ampil nan moun sa yo nan sosyete sivil la kapab sibi presyon oswa vanjans, espesyalman menas oswa gwo otorite yo kap nwi yo, ansanb ak deklarasyon piblik ki fèt pa gwo responsab oswa ki ka wè yo paka vwayaje pou patisipe nan kèk reynion. Moun yo ki nan sosyete sivil la kapab dekovri tou ke aktivite yo sou siveyans oswa limite. Kanpay pale mal sou entènèt, nan laprès oswa nan televizyon fèt souvan. Menas yo kapab fèt nan telefòn, pa SMS oswa dirèkteman. Mounyo nan sosyete sivil la kapab tonbe anba arrestasyon, kapab pran kou, yo konn kidnape yo, yo menm konn touye yo.

Konsèy dwa moun nan adopte plizyè rezolisyon ki gen rapò ak kesyon sa a, espesyalman rezolisyon 24/24 la ak rezolisyon 12/2. Chak ane, rapò sekretè jeneral la pale sou sa yo di ak vanjans yo pou kolaborasyon ak Nasyon Zini nan domèn dwa moun. Sekrète jeneral la ak pi gwo komisè a toujou di ke vanjans yo pa akseptab e Nasyon Zini dwe reponn ak zak sa yo yon fason ki pi fò e pi nòmal. Lòt moyen dwa moun yo pran a klè e devan tout moun kont maspinay zak vanjans.

Dispozisyon sou vanjans ki ka fèt nan koze ki gen rapò ak dwa moun

Protokòl fakiltatif ki gen rapò ak akò entènasyonal ki rapò ak dwa ekonomik, sosyal e kiltirèl yo - atik 13

Leta pran tout mezi ki nesesè pou veye si tout moun ki nan komin li pa sibi move zak oswa presyon paske yo adrese komite kominikasyon an jan protokòl la di sa.

Protokòl fakiltatif nan konvansyon ki gen rapò ak dwa timoun ki ap etabli yon prosedi prezantasyon kominikasyon - atik 4

Leta pran tout mezi ki nesesè pou veye si tout moun ki nan komin li pa sibi move tretman oswa presyon paske yo fèt pou komite kominikasyon an jan protokòl la di sa a.



Protokòl fakiltatif nan konvansyon sou eliminasyon tout fòm diskriminasyon sou fanm yo - atik 11

Leta pran tout mezi ki nesesè pou veye si tout moun ki nan komin li pa sibi move zak oswa presyon paske yo adrese komite kominikasyon jan protokòl la di sa a.



Nan peyi **Otrich**, nan paragraph 18 lwa sou biwo mediatè (1 982) di ke: « okenn moun pap pral gen sinksyon oswa dezavantaj aprè ke yo bay Sou-komite a yon enfòmasyon pou anpeche move zak nan biwo mediatè oswa nan komisyon ke yo pral kreye yo. »

Nan peyi **Montenegro**, atik 56 la nan konstitisyon (2007) di ke: « Chak moun gen dwa pou jwenn èd nan enstitisyon entènasyonal yo pou yo ka swa proteje dwa oswa libète ke konstitisyon an ba yo. »

Asosye ak tizonay, presyon ak vanjans, pwoblèm nan la lwa ak nan biwo yo redwi wòl enpòtan ke sosyete sivil la dwe jwe ak gouvènman yo. Yo gen pou lide anpeche, redwi, pale mal, foure pye oswa empeche aktivite sosyete sivil la bay bon jan rezulta. Lè nou pa fè pwomosyon pou bagay sa yo ak lè nou pa bay moun nan sosyete sivil yo asirans pou yo byen travay, se responsabilite Leta yo fas ak dwa entènasyonal imanitè.

Leta yo gen prensipal responsabilite pou proteje aktè sosyete sivil yo. Nan ka sa a, lè aksyon sa yo nan sosyete sivil la oswa lè moun sosyete sivil yo sibi danje pou aktivite ke yap fè, aktivite pou fè avanse dwa moun, lòt peyi yo dwe frape pye yo pou soutni yo epi pwoteje yo.



5. Kisa' m ka fè ? Retounen nan Nasyon Zini

Dwa entènasyonal ki gen rapò ak dwa moun fè yon platfòm ansanm pou moun nan soyete sivil yo kapab jwenn si yo bezwen sipò. Platfòm nan gen ladann Wo komisarya Nasyon Zini dwa moun yo, ògan konvansyonèl ak konsèy dwa moun ak mwayen li yo (manda ak tit dokiman espesyal, egzamen periodik inivèsèl, etc...).



« Lwa entènasyonal ki gen rapò ak dwa moun yo di kouman kap pèmèt òganizasyon sivik yo plede pou bon jan lwa ki gen rapò ak plan entènasyonal la. Pou tèt yo lejitime aktivite òganizasyon sivik yo lwa sa yo tounen tou yon platfòm iti l yon fason endependan pou siveye obligasyon ki se responsabilite gouvènman yo fas ak dwa entènasyonal imanitè e fè rapò sou obligasyon sa yo. Fòmil konpetan yo sou dwa moun piti piti te vinn yon pwen enpòtan nan sipò poul vinn posib pou defann yon environman ki pote sou soyete sivil la. Espesyalman nan limit ki genyen, ajans Nasyon Zini ki responsab pou dwa moun tounen yon pòt dantre fondamantal pou gwoup nasyonal yo nan soyete sivil la ki vle sansibilize ak dyaloge sou pwoblèm sansib yo. »

M. Danny Sriskandarajah,
Sekretè jeneral, CIVICUS: Alyans mondyal pou patisipasyon sitwayen yo,
oktòb 2014

Travay pwoteksyon soyete sivil la sou dwa moun ki ka sèvi ak mwayen Nasyon Zini chita sou de bagay.⁴

Dokiman ki gen rapò ak obstak yo, menas kont soyete sivil ak bon pratik yo. Dokiman sou sitiyasyon ki gen rapò aksyon soyete sivil la ak sistèm dwa moun nan Nasyon Zini zafè dwa moun se baz la nan sa kap fèt pou yo aplike fòmil dwa moun yo nan Nasyon Zini. Enfòmasyon ki verifye ak dokimante pa moun ki nan soyete sivil bay amamil enpòtans ak sa ki genyen nan aksyon an, yo plis kredib ak konvenkan, yo difisil pou refize, epi se yon fason efikas pou fè pwomosyon ak pwoteje dwa moun. Moun yo nan soyete sivil la te envite nan pataje dokiman yo (tankou, enfòmasyon egzat, foure je gade tout bagay ak sa ki konseye) sou


⁴ Lektè ki poco abitye ak mekanis prensipal yo, nou envite yo al gade nan liv OHCHR pou soyete sivil la - Travay ak pwogram dwa moun nan Nasyon Zini. Pi lwen yo jwenn konsèy nan yon seri Gid pratik pou soyete sivil la, ki gen ladan yo Kijan pou yo Swiv Rekòmandasyon biwo Dwa Moun Nasyon Zini an.



obstak ak menas aktè sisyete civil la fè fas ak sa ki di yo nan pataje ak transmèt pi bon pratik sou zafè dwa moun nan Nasyon Zini.

Sèvi ak dokiman ki la. Moun nan yo nan sisyete civil la yo envite pou vinn pran avantaj sou chans yo genyen pou yo patisipe nan konferans entènasyonal yo ak reyinyon yo, oswa vizit ekspè. Yo gen chans pou pale sou kèk obsèvasyon, òganize reyinyon enfòmasyon ak fòme rezo nan mitan patisipan yo yon fason pou moun yo ka prran konsans sou pwoblèm ki gen rapò ak sa kap di nan sisyete civil la, epi tou pataje konsèy yo ak sa ki gen pou fèt.

Travay avèk prensip dwa moun yo nan Nasyon Zini sou pwoblèm ki gen rapò ak sa kap di nan sisyete civil la bay moun nan sisyete civil yo mwayen pou yo sèvi ak rezulta yo (tankou sa yo wè ak sa moun nan entènasyonal ki te konseye gouvenman yo sou kèk mezi legal, administratif oswa lòt) pou aktivite yo ki vle pwoteje sak te di nan sisyete civil ak rann moun nan e sisyete civil la pi fò nan nivo lokal yo.



Men kèk bagay sou rezulta yo te jwenn sou manda ak fòmil dwa moun yo nan Nasyon Zini:

- ▶ Sa yo te wè finalman sou ògan konvansyonèl yo, ak opinyon yo ak konsèy sou kèk ka;
- ▶ Evalyasyon, konsèy ak konklizyon yo ki genyen nan rapò sou vizit nan peyi a, rapò tematik ak komunikasyon ki gen rapò ak ka espesyal te pote soti nan pwosedi espesyal la (ekspè endependan) Konsèy Dwa moun;
- ▶ Konsèy sou egzamen peryodik inivèsèl;
- ▶ Sa ki di epi deside nan Konsèy Dwa Moun ak nan asanble jeneral.
- ▶ Rapò komisyon ankèt, misyon ki etabli kèk reyalite ak lòt komisyon ad hoc mekanis ankèt etabli pa Konsèy Nasyon Zini pou Dwa Moun;



- ▶ Deklarasyon sekretè jeneral Nasyon Zini an;
- ▶ Deklarasyon, rapò ak etid Wo komisè Nasyon Zini nan dwa moun yo (tankou rapò sou aktivite biwo sou teren an; rapò ak etid sou sityasyon peyi ak pwoblèm tematik ki te egzije pa konsèy dwa moun yo oswa asanble jeneral Nasyon Zini yo);
- ▶ Rapò chak ane sekretè jeneral la sou ka presyon oswa vanjans kont moun oswa group kap kolabore ak Nasyon Zini nan zafè dwa moun;
- ▶ Envitasyon ki fèt ak peyi yo pa sekretè jeneral la, gwo komisè dwa moun yo oswa pa ekspè dwa moun yo nan kad deklarasyon publik.

Bagay moun yo wè ak sak yo mande pou fèt yo ka sèvi tou kòm gwo zouti pou plede ak oryante menm pou sipòte ak fome aktivite local yo, men tou pou pwoteje yo. Moun sosyete civil yo kapab, tankou:


- ▶ Travay ansanm ak otorite santral ak lokal pou yo aplike sa ki di nan sistèm dwa moun Nasyon Zini an;
- ▶ Pale plis ak moun nan kominate lokal yo nan fè bon jan analiz Entènasyonal yo ak esperans sitwayen yo nan pratik domèn dwa moun nan;
- ▶ Siveye ak evalye repons yo ak aksyon nan otorite yo nan nivo santral ak lokal;
- ▶ Pale ak moun yo plis gras ak yon diskou ki vize yon bagay ki gen otorite, genyen kap rive fèt ak solisyon lè nou sèvi yon lòt jan;
- ▶ Mobilize tout moun nan òganizasyon sosyete civil la epi gras ak òganizasyon sa yo, e tou nan publik la an jeneral;
- ▶ Etabli zanmitay;
- ▶ Amelyore kalite dyalòg la ak ofisyèl publik yo;
- ▶ Ede nan devlopman politik;
- ▶ Ankadre aksyon yo dapre sa la lwa di
- ▶ Patisipe nan swivi yo pou fè respekte prensip dwa moun;
- ▶ Fè evalyasyon yo epi bay konsèy teknik ak Moun ki vle pote plent pou aplikasyon prensip dwa moun Nasyon Zini an.

Nasyon Zini wè rapò li genyen ak lòt peyi yo se yon gwo richès pou enfòmasyon enpotan sou estrateji konsènan eksperyans sanblab yo wè lòt kote yo.



Koman fòmil dwa moun yo fonksyon nan Nasyon Zini

An jeneral, lè yo ap eseye rezoud yon pwoblèm ki gen rapò ak dwa moun, tout fòmil Nasyon Zini yo adopte menm prinsip. Ranmase enfòmasyon oswa sa ki transmèt pa ampil lòt estrikti, ki gen ladan sosyete sivil la. Tout sa ki te di yo ap analize epi gade si yo vre. Biwo a ekri oswa fas a fas ansanm ak Leta pou pale sou enfòmasyon yo. Li ka pale ak Leta sou kòman pou yo rezoud pwoblèm nan, epi ede pou jwenn solisyon. Gen plis enfòmasyon ki ale chache pou yo ka wè sa ki fèt apre sa ki te konseye yo.





Nan mwa avril 2011, manm nan Komite Panyòl la ki Reprezante Moun Andikape yo (CERMI) te ale nan senkyèm sesyon Komite Dwa moun andikape (CRPD), te ede nan preparasyon lis kesyon yo. Yo soumet yon rapò, yo enfòme Komite, epi yo te travay sou swivi rekòmandasyon yo ki te adresé ak peyi Espay. An patikilye, CERMI te lanse yon gwo kanpay pou yo ka plis respekte dwa pou yo vote pou moun ke yo te retire dwa pou yo vote yo akòz andikap yo, yon sitiyasyon ki nan tan sa a te nwi 80 000 moun. Komite a te rekòmande pou " revize tout sa la lwa di ki enpòtan pou asire ke tout moun ki andikape, kèleswa andikap la, kondisyon legal oswa kote rezidans yo gen dwa pou yo vote " (CRPD / C / Piseta / CO / 1, paragraf 48). CERMI te lanse plizyè inisyativ pou sipòte amannman an nan lejislasyon an, espesyalman yon gid ki gen ladann, " Ou gen dwa pou ou vote, pèsonn pa ka pran li " [Ou gen dwa pou ou vote, pèsonn pa ka retire] ki prezante an detay etap pratik sa yo nan mande ak egzèse dwa pou yo vote. Gras ak aktivite defans CERMI an, Pwokirè Jeneral Tribunal Siprèm lan te mande komisè rejjonal yo pou pwoteje dwa vote moun ki gen andikap yo. CERMI te travay tou ak gouvènman an ak Kongrè pou asire ke yo amande lwa sa a nan liy ak sa kit e di ki fèt yo nan CRDP a. Yon projè amanman an te voye bay divès kalite manm nan Kongrè a ak gouvènman an.

Aktè yo nan sosyete sivil la ka itilize vwa kominote entènasyonal la pou sipòte estrateji nasyonal la pou mobilize popilasyon lokal la epi ankouraje ofisyèl publik yo ak pwoteje sa ki di lan sosyete sivil la.

Kisam dwe fè ?

- ▶ Enfome sou dokiman Nasyon Zini yo nan domèn dwa moun sou peyi'w la e patajel.

🌐 <http://www.ohchr.org/FR/Countries/Pages/HumanRightsintheWorld.aspx>

- ▶ Kontakte biwo ki pi pre nan OHCHR a, oswa ekip Nasyon Zini nan peyi ou, ak pataje rapò ou ki relasyon ak eksperyans ou nan sa ki di nan sosyete sivil avèk Seksyon sosyete sivil Society OHCHR a: civilsociety@ohchr.org

- ▶ Kontribye e patisipe nan travay ògan konvansyonel yo:

🌐 http://www.ohchr.org/Documents/AboutUs/CivilSociety/Chapter4_fr.pdf



- ▶ Fè yon demann ki gen rapò ak trete dwa entènasyonal la, ki gen ladann, nan ka ki pi adapte, yon demann aplikasyon pwovizwa, oswa yon demann aksyon an ijans.

🌐 <http://www.ohchr.org/Documents/Publications/FactSheet7Rev.2.pdf>

- ▶ Fè yon demann yo voye bay ekspè yo nan pwosedi espesyal Konsèy Dwa Moun nan.

🌐 <http://www.ohchr.org/EN/HRBodies/SP/Pages/Communications.aspx>

- ▶ Soumèt yon komunikasyon ki gen rapò ak pwosedi demann nan konsèy dwa moun nan.

🌐 <http://www.ohchr.org/EN/HRBodies/HRC/ComplaintProcedure/Pages/HRCComplaintProcedureIndex.aspx>

- ▶ Pataje enfòmasyon ak eksperyans ou ki gen rapò ak domèn aksyon nan sosyete sivil la nan sesyon Konsèy Dwa Moun yo:

🌐 http://www.ohchr.org/Documents/HRBodies/HRCouncil/PracticalGuideNGO_fr.pdf

- ▶ Pataje enfòmasyon yo ak eksperyans ou yo ki gen rapò ak domèn sosyete sivil la pandan egzamen periodik inivèsèl nan konsèy dwa moun yo nan peyiw la:

🌐 http://www.ohchr.org/Documents/AboutUs/CivilSociety/Universal_Periodic_Review_FRE.pdf

- ▶ Founi tout detay enfòmasyon ki verifye sou tout sa ki gen rapò ak tizonay, presyon, oswa vanjans kont moun oswa group kap kolabore ak Nasyon Zini, reprezantan sa yo ak fòmil sa yo nan domèn dwa moun pou yo ede nan rapò anyèl sekretè jeneral la sou vanjans: retrisals@ohchr.org
- ▶ Ede nan rapò tematik sekretè jeneral Nasyon Zini an oswa wo komisè nan dwa moun yo.
- ▶ Dekouvrí koman pou ede nan rapò tematik yo ak rapò peyi nan pwosedi spesyal yo.

🌐 http://www.ohchr.org/Documents/AboutUs/CivilSociety/Chapter6_fr.pdf

- ▶ Enskri'w sou lis distribisyon nan seksyon sosyete sivil la yon fason pou rete enfòme sou aktivite fòmil dwa moun nan Nasyon Zini.

🌐 <http://www.ohchr.org/FR/AboutUs/Pages/CivilSociety.aspx>




Jere esperans yo

Leta yo gen pou responsabilite prensipal pou fè pwomosyon ak pwoteje libète lapawòl, reyinyon pasifik ak asosyasyon epi dwa pou patisipe nan zafè piblik. Moun yo nan sosyete sivil yo, ak sistèm dwa moun nan Nasyon Zini ak lòt aktè, ka ede Leta yo ranpli wòl yo.

Fè tonbe obstak yo nan domèn aksyon sosyete sivil la ki chita sou règleman yo oswa lwa yo pran jeneralman anpil tan avan chanjman yo parèt, pandan zak tizonay, presyon ak vanjans ke aktè yo nan sosyete sivil la sibi mande yon atansyon ijan. Li enpotan pou itilize manda yo oswa fòmil nan Nasyon Zini ki plis adapte yo nan kesyon sa yo.

Nenpòt sityasyon an, posibilité pou rive ak yon solisyon pozitif kote tout moun mete men, ki bay rezulta jeneralman nan mobilizasyon aktè gwo kad yo. Popilasyon lokal, lòt moun yo nan sosyete sivil (lokal ak entènasyonal), enstitisyon nasyonal dwa moun yo, media yo, responsab politik yo, lòt peyi yo ak kominate rejyonak ak entènasyonal yo.

Angajman ak Sistèm Nasyon Zini pou Dwa Moun nan pa CSAs se yon fason pou devlope epi miltipliye vwa chanjman. Li se yon eleman estratejik efektif pou defans jeneral, ankouraje ak pwoteje espas sosyete sivil la.





6. Resous dokimantè

Nasyon Zini

Travay ak Pwogram Nasyon Zini pou Dwa Moun, yon Manyèl pou Sosyete sivil la -

-  http://www.ohchr.org/Documents/AboutUs/CivilSociety/OHCHR_Handbook_Fr.pdf

Siveyans nan rekòmandasyon Nasyon Zini sou dwa moun – Liv pou Sosyete Sivil la -

-  <http://www.ohchr.org/Documents/AboutUs/CivilSociety/HowtoFollowUNHRRecommendationsFR.pdf>

Plan Jesyon estratejik, OHCHR (2014-2017), Thematic Strategy on Widening the Democratic Space (p 72-83.) estrateji tematik ki gen rapò ak elajisman domèn demokratik la] -

-  http://www2.ohchr.org/english/ohchrreport2014_2017/omp_web_version/index.html#/home

Deklarasyon aktivis dwa moun yo -

-  http://www.ohchr.org/Documents/Issues/Defenders/Declaration/declaration_fr.pdf

Rezime komite diskisyon an nan Konsèy Dwa Moun sou enpòtans ki genyen nan pwomosyon ak pwoteksyon nan sijè ki abòde nan sosyete sivil la, A/HRC/27/33.

Komite Dwa Moun, Kòmantè Jeneral No. 34 sou Atik 19: libète opinyon ak ekspresyon, CCPR/C/GC/34.

Yon evalyasyon nan kad legal la sou libète asosyasyon, rapò rapòtè Espesyal la fè sou sitiyasyon aktivis dwa moun yo, A/64/226.

Yon etid sou sitiyasyon fanm kap defann dwa moun, rapò rapòtè Espesyal la fè sou sitiyasyon aktivis dwa moun yo, A/HRC/16/44.

Pou yon anviwònman san danje epi kap facilite defansè dwa moun yo, rapò rapòtè Espesyal la fè sou sitiyasyon moun kap defan dwa moun yo, A/HRC/25/55.

Posibilité pou asosyasyon yo ka jwen lajan yo, Rapò Rapòtè Espesyal la sou dwa reyinion pasifik ak libète asosyasyon, A/HRC/23/39.



Rapò Sekretè Jeneral la sou koperasyon ak Nasyon Zini, reprezentan li yo ak mekanism li yo nan domèn dwa moun nan (A/HRC/27/38, A/HRC/24/29, A/HRC/21/18, A/HRC/18/19, A/HRC/14/19)

Chapit 16 Angajman ak patenarya avèk Sivil Sosyete la OHCHR Manyèl sou Siveyans Dwa Moun [Chapit 16, Agenda ak patenarya avèk sosyete sivil la, OHCHR liv sou siveyans dwa moun] -



<http://www.ohchr.org/Documents/Publications/Chapter16-MHRM.pdf>

Sosyete sivil la ak lòt sous

Lis prensip ak eleman yo nan lwa nasyonal la (International Centre for Not-for-Profit Law) -



<http://www.icnl.org/research/library/files/Transnational/checklisten.pdf>

Kòd pou bon pratik ki gen rapò ak pwosedi patisipasyon sosyete sivil la nan pwosesis pou pran desizyon, Konsèy la an Ewòp -



http://www.coe.int/t/ngo/code_good_prac_fr.asp

Manyèl sou reprezay yo (International Service for Human Rights) -



<http://www.ishr.ch/news/reprisals-handbook>

Enabling Environment Index 2013 (CIVICUS) -



<http://www.civicus.org/downloads/2013EEI%20REPORT.pdf>

7. kontakte nou

Nou kapab kontakte sosyete sivil la nan adrès sa a:

civilsociety@ohchr.org

Telefòn: +41 (0) 22 917 9656

Sistèm nan difizyon imèl pou Sosyete sivil la bay dènye enfòmasyon ak konsèy sou tout manda ak mekanism ki gen rapò ak dwa moun ak enfòmasyon ak dat limit pou demann finansman, bay lajan ak bous etid. Pouw enskri, tanpri ale sou paj ki anba a: <http://goo.gl/O8snt> oswa sou paj web sou sosyete sivil la nan adrès sa a:



www.ohchr.org/FR/AboutUs/Pages/CivilSociety.aspx



**Gid pratik pou sasyete sivil la
AKSYON SOSYETE SIVIL LA AK SISTÈM DWA MOUN NAN NASYON ZINI**

Biwo gwo komisarya dwa moun

Palè Nasyon yo

CH 1211 Genève 10 – Suisse

Tél : +41 (0)22 917 90 00

Fax : +41 (0)22 917 90 08

www.ohchr.org



NATIONS UNIES



NATIONS UNIES
DROITS DE L'HOMME
HAUT-COMMISSARIAT